

No. 152

DEKRÈ EGZEKITIF

**SISPANSYON TANPORÈ DISPOZISYON KI GEN RAPÓ AVÈK REKIPERASYON
ENFRASTRIKTI POU DEKLARASYON IJANS ETA**

ALÓSKE, nan dat 3 Janvyè 2016, Mwen te pibliye yon Dekrè Egzekitif Nimewo 151, efektif nan dat 5 Janvyè 2016, pou diminye sou menas move tan poze nan lavi, sante, ak sekirite sitwayen yo nan Eta, patikilyèman moun ki sanzabri yo, toupatou nan Eta; e

ALÓSKE, nan fason pou reponn a ijans sa, Ajans yo nan Eta ap bezwen garanti rapidman epi prepare etablisman yo pou ede lokalite yo an tout sekirite ebèje sanzabri yo nan move tan ivè epi bay sèvis ki nesèsè nan etablisman sa yo;

KOUNYE A, TOUTFWA, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, an vèti otorite ki investi nan mwen nan Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif pou tanporèman sispann dispozisyon spesifik de nenpòt estati, lwa lokal, òdonans, règ, oswa règleman, oswa pati nan nenpòt ajans pandan yon ijans Eta, si konfòmite avèk dispozisyon sa ta anpeche, antrave oswa retade aksyon ki nesèsè pou fè fas avèk katastwòf la, nan dokiman sa sispann tanporèman pou peryòd tan apati dat Dekrè Egzekitif la jiska pwochen avi, lwa ki annaprè yo:

Seksyon 9(2) ak (4) nan Lwa sou Bilding Piblik, nan limit Komisè Sèvis Jeneral la detèmine li nesèsè pou otorize atribisyon kontra ijans ak/oswa pou konbine konsepsyon ak sèvis konstriksyon nan kontra ak/oswa pou itilize kalite kontra sa yo ak sèvis lè sa nesèsè nan yon limit ki pi elve pase sis san mil dola;

Seksyon 112 nan Lwa sou Finans Eta, nan limit konsistan avèk Atik V, Seksyon 1 nan Konstitisyon Eta, ak nan limit ke Komisè Sèvis Jeneral la Komisè Biwo Sante Mantal, Komisè Biwo pou Moun ki gen reta nan Devlopman, Komisè pou Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik detèmine li nesèsè pou ajoute travay anplis, sit ak tan pou kontra Eta, pou bay prim kontra ijans oswa prim lwaye pou relokasyon ak operasyon sipò Eta dapre lwa nan seksyon 3 sou Bilding Piblik, pou bay prim kontra ijans dapre lwa nan seksyon 9, pou bay kontra ijans pou sèvis pwofesyonèl dapre seksyon 136-a nan Lwa sou Finans Eta, ak pou bay kontra ijans pou komodite, sèvis, teknoloji ak materyèl konfòmman a Seksyon 163 nan Lwa sou Finans Eta;

Seksyon 136-a nan Lwa sou Finans Eta, nan limit kote Komisè Sèvis Jeneral la detèmine li nesèsè pou konbine konsepsyon ak konstriksyon sèvis nan yon kontra ak/oswa pou jwenn konsepsyon ak sèvis enspeksyon konstriksyon;

Seksyon 163 nan lwa sou Finans Eta ak Atik 4-C nan Lwa sou Devlopman Ekonomik, nan limit pou otorize Komisè Sèvis Jeneral la, Komisè Biwo Sèvis Mantal, Komisè pou Moun ki gen reta nan Devlopman , Komisè nan Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik pou achte komodite ki nesèsè, sèvis, teknoloji ak materyèl san avi standa ki annaprè yo ak pwosesis akizisyon; e

Chapit 359 nan lwa 1968 (Lwa sou Kòporasyon Devlopman Etablisman yo) nan limit Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra pou planifye, konstwi, akèri, rekonstwi, reyabilite, oswa amelyore etablisman ijyèn mantal, etablisman sante yo, bilding minisipal, oswa nenpòt lòt etablisman otorize, enkli kontra ki konbine plan ak sèvis konstriksyon nan yonsèl kontra;

Chapit 782 nan Lwa 1966, Chapit 332 nan Lwa 1975 ak seksyon 6281 nan Lwa sou Edikasyon nan limit Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra pou planifye oswa konstwi etablisman yo pou Inivèsite Vil New York, enkli kontra ki konbine plan ak ak sèvis konstriksyon nan yonsèl kontra;

Chapit 892 nan Lwa 1971 nan limit Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa Authority detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra pou planifye oswa konstwi etablisman sante, enkli kontra ki konbine plan ak sèvis konstriksyon nan yonsèl kontra;

Chapit 464 nan Lwa 1972 nan limit Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra pou planifye oswa konstwi etablisman kolèj kominotè yo, enkli kontra konbine avèk plan ak konstriksyon sèvis nan yonsèl kontra, oswa pou achte komodite ki nesèsè, sèvis, teknoloji, ak materyèl san avi standa sa ki annaprè yo ak pwosesis akizisyon;

Seksyon 1678, 1680, 2879, 2879-a nan Lwa sou Otorite Piblik nan limit Direktè Egzekitif Otorite Dòtwa detèmine li nesèsè pou otorize prim kontra pou planifye oswa konstwi etablisman, enkli kontra konbine avèk plan ak konstriksyon sèvis nan yonsèl kontra ak pou ede gouvènman lokal ki afekte yo, moun, ansanm avèk lòt antite ki pa nan Eta pou reponn a ak rekipere nan katastwòf ijans;

Atik 8 nan Lwa sou Konsèvasyon Anviwonman, ak Pati 15 nan Tit 17 ak Pati 617 nan Tit 6 nan Kòd New York sou Règ ak Règleman, nan limit ke Komisè Sèvis Jeneral, Komisè Biwo Sèvis Mantal, Komisè pou Moun ki gen reta nan Devlopman , Komisè nan Biwo Sèvis Fanmi ak Timoun, Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap, oswa Komisè anchèf oswa ofisye egzekitif anchèf nan nenpòt ajans Eta, Komisyon Konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik detèmine ke travay la nesèsè touswit pou ranplasman, reyabilitasyon, oswa rekonstrikasyon strikti; e

Seksyon 97-G nan lwa finans Eta, nan limit ke Komisyonè Sèvis Jeneral la detèmine li nesesè pou achte manje, machandiz, sèvis, ak ekipman oswa founi oswa bay diferan sèvis santralize, enkli men ki pa limite a sèvis plan ak konstriksyon pou ede gouvènman lokal ki afekte yo, ansanm avèk lòt òganizasyon ki pa Eta nan reponn ak rekipere nan ijans Katastwòf.

Pati F nan Chapit 60 nan Lwa 2015, nan limit pou otorize Komisè Sèvis Jeneral ak Otorite Dòtwa pou atribye prim konsepsyon-konstriksyon ak pi bon valè kontra san pwosesis akizisyon pwoskri ki annaprè a.

Chak ajans Eta, konsèy, komisyon, otorite piblik, ak kòporasyon benefis piblik otorize pou bay kooperativman a youn oswa plis lòt ajans Eta, konsèy, komisyon, otorite piblik oswa kòporasyon benefis piblik nenpòt etablisman, sèvis, aktivite, oswa antreprann avèk ajans Eta, konsèy, komisyon, otorite piblik, oswa kòporasyon benefis piblik ap gen pouvwa pou bay separeman nan fonksyon respektif ak obligasyon l.

F È T anba men l avèk so prive Eta nan Vil Albany

douzyèm jou nan mwa Janvyè nan ane

de mil sèz.

PA GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a